АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№1 (10048)
РУЗМАН
13 январь 2023 сон
20 ДЖУМАДУЛЬ АХИР 1444 СОН

Шамил районалъул газета
Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда
Единство
Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ
Багьа эркенаб

РЕДАКТОРАЛЪУЛ КОЛОНКА

**ПатIимат МУХIАМАДОВА**

Гьале бегана цоги лъагIалил тIамач. ТIамуна гали 2023 соналъул свериялде. ЛъикIабищ квешабищ араб сон букIараб абун къимат кьун нилъехъа бажаруларо. Амма нилъер пачалихъалъул тарихалда гъваридаб лъалкI толеблъун ккана 2022 сон.

ТIубараб гIасруялъего гIураллъун рихьула дида араб 12 моцIалда жанир ккарал лъугьа-бахъинал. ТIолго дунялалдаго хIалуцараб ахIвал-хIал лъугьараб соналъе, гьенир жанир ккарал тарихиял цIикIкIарал хиса-басиязе цо чанго сон тIад ингун гурони, къимат кьун бажариларо. 80 гIанисеб соналъ цебеги нилъер халкъалъ къезабураб нацизм, гьанжеги бетIер борхун, нилъер пачалихъалъе хIинкъилъун, хьолбохъ тезе рес букIинчIеблъи хIакъаб иш.

Западалъул тушбабаз кигIан хIалуцараб гъужум гьабуниги, кинаб захIматаб кьалул майданалда нилъер хIукумат бугониги, жанисеб ахIвал-хIал квеш букIинчIин абизе бегьула. КъачIалел нухалги, цIигьарулел социалиял объекталги, цIилъулеб инфраструктураги добго жигараб хIалалъ инеб буго.

ЦIакъ кIвар бугел объектал къачIана нилъер районалдаги, гьабуна гIемераб хIалтIи. Гьелъул гIатIидаб баян районалъул бетIерас кьураб интервьюялда буго гьабго номералда.

Щибго хиса-баси ккечIин абуни жанисеб ахIвал-хIалалъул - мекъи ккела дун. Западалъ лъурал санкцияз рагьана нилъер пачалихъалъе цIиял гьалмагъзаби, щив вугев гьудул, кивехун вугев тушман бихьана. Предпринимателазе, жидецаго раціIцIадал нигIматал гIезарулезе щвана ресал жидерго продукция рынокалда цебетIезабизе.

Гьединго, нилъер халкъалъ араб гIасруялдаго гIадин бихьизабулеб буго гъунки ва цолъи. ТIолабго улкаялдаго гIадин, цолъун, нилъер районцоязги гьабуна гIахьаллъи фронталда ругезе кверчIваялъулъ, къалда ругел солдатазул хъизаназе кумек гьабиялъулъ. Районалда рагьараб фондалъ 3 моцIалда жаниб бакIарана 1100000гъ. гьел сурсатаздаса 642 азарго гъурущалде гуманитарияб кумек битIана фронталде, 437 азарго гъ. гьабуна солдатазул хъизанaзе кумек.

Аллагьас хIал къуни гьоркьоб къотIизе течIого гьеб ракIбацIцIадаб ниятазда гьабулеб буголи иш цебе бачине ракIалда буго хадубккунги.

Дица баркула киналго районцоязда тIаде щвараб 2023 сон. БукIайги гьеб нилъее баракатаблъун, Бергьенлъи гIагарлъулеблъун. ГIадамазул гIумру-яшав лъикIаб букIине ккани, гьезда нахъа къуватаб хIукумат букIине ккола. Гьелъ, кидагосеб цолъиялда ва гъункиялда районгун республика цебетIеялъе гьабулеб ишалъулъ къуват кьеги щивасе.

---

МухIамад ХIАСАНОВ:

## «МагIарухъ гIумру-яшав лъикIлъи буго дир мурад»

**2022 соналъул хIасилал ва гьаб соналде масъалаби цIале 2-3 гьурмазда районалъул бетIер МухIамад ХIасановасулгун гьабураб гIатIидаб гара-чIвариялда.**



---

■ БАЙРАМАЛ




## 13 январь -Россиялъул басмаялъул къо!

320 соналъ цебе Россиялда тIоцебесеб газета къватIиб биччаялда хурхун 1991 соналъ чIезабураб къо буго гьеб. Чан гIасраби свераниги, кигIан батIияб заман пачалихъалде щваниги, кидаго кIудияб къиматалда ва борхалъуда букIана хъвараб рагIул къуват. Къалмил бегIерлъи хвалчадул балалдаса бергьунин аби буго. ЦIияб заманалъул свералабазда, гучаб чвахиялда кагътида хъваралъул тIалаб гьабулел кигIан дагьлъаниги, къури гьечIого щибаб анкьалъ жамгIияб гIумру рагьулеб, рахьдал мацI, тарих ва маданият цIуниялъул гъанситабилъун руго райгазетал ва миллиял журналалгун республикаялъул киналго газетал.

РакI-ракIалъ баркула Россиялъул печаталъул къо киналго мухбирзабазда, газеталъулгун кидал бугониги бухьен букIаралщиназда ва «Цолъи» газеталъул къучIал гьудулзабазда! Штаталда гьечIел мухбирзаби, нуж руго районалъул газеталъул жигарал кумекчагIи. Хьул буго хадубккунги нужеца гьоркьоблъи жеги щула гьабизе, газеталде ритIулел макъалабазул къадар цIикIкIинабизе букIиналде. Мухбирзабазул кумекалдалъун кIола газета магIнаяблъун ва берцинаблъун, цIализе гъира балеблъун лъугьинабизе.

Киналго пишацоязе гьарула талихI-рохел, сахлъи, халатаб гIумру. Дагьабги бегIерлъайги нужер къалам.

**Редакция**

---

■ ЦОЛЪИ -2023

## 2023 соналъул 1-себ бащдаб лъагIалие подпискаялъул хIасил

| № | ХIебда почалде гьоркьоре унел идараби ва росаби | Подпискаялъул къадар |
|---|---|---|
| 1 | Администрация | 12 |
| | ЕДДС | 2 |
| 2 | Пенсионный фонд | 1 |
| 3 | Ветеринарное управление | 5 |
| 4 | ЦРБ | 52 |
| 5 | РУАД №43 | 10 |
| 6 | СОШ | 29 |
| 7 | Садик | 15 |
| 8 | КЦСОН | 1 |
| 9 | РУЭС | 1 |
| 10 | Россельхозбанк | - |
| 11 | Военкомат | 1 |
| 12 | Райпо | 1 |
| 13 | Районный суд | - |
| 14 | УСЗН | - |
| 15 | ОНО | 8 |
| 16 | Школа искусств | 5 |
| 17 | Дом культуры | 10 |
| 18 | Библиотека | 30 |
| 19 | Финотдел | 1 |
| 20 | Прокуратура | - |
| 21 | Сельхоз. управление | 3 |
| 22 | Налоговая | - |
| 23 | Поликлиника | - |
| 24 | ОМВД | 5 |
| 25 | МФЦ | - |
| 26 | Вет.лаборатория | - |
| 27 | ЦЗН | 3 |
| 28 | МЧС | 1 |
| 29 | Центр инф | 1 |
| 30 | Сельская администрация | 2 |
| 31 | ЦIекIоб | 2 |
| 32 | Лъануб | 5 |
| 33 | Могьохъ | 10 |
| 34 | НитIаб | 3 |
| 35 | Къваниб | 9 |
| 36 | Гьандихъ | 12 |
| 37 | Хучада | 11 |
| | **Росабалъ ругел почаздасан хIасил** | |
| 38 | Ругъелда | 48 |
| 39 | ТIидиб | 33 |
| 40 | Гьолокь | 50 |
| 41 | ГIурада | 74 |
| 42 | КъахIиб | 39 |
| 43 | Гъ.Бакълъухъ | 63 |
| 44 | ТIелекь | 42 |
| 45 | ГIуриб | 64 |
| 46 | ГIасаб | 40 |

Хlурматиял районцоял, ахиралде щвана почалдасан гьабулеб подписка. Гьеб байбихьула январь моцIалдаги. Январалда газета хъварав чиясе гьеб щола февралалдаса байбихьун.

---

■ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

## МухIамадов МухIамад МухIамадрасулович



Дагьал церегIан къояз цоги пашманаб хабар щвана районалде рагъулал лъугьа-бахъиназул рахъалдаса. Украиналда спецоперациялда хъулухъ тIубалев вукIарав ЗанатIаса 35 сон барав гIолилав МухIамад (Салман) МухIамадрасулович къадаралде щун вуго.

МухIамад гьавуна 1987 соналъ ЗанатIа росулъ. 2005-леб соналъ лъугIизабуна Бакълъухъ гьоркьохъеб школа.

МухIамад кколев вукIана Каспийскалъул ралъдалаб пехотаялъул, 2-леб батальоналъул, 1-себ ротаялъул, 1-себ взводалъул стрелок.

Араб соналъул марталда командирасул приказалда рекъон, ралъдал пехотаялде хъулухъ тIубалезул мухъилъе восана ва 10 къоялъ гьарурал малъа-хъвавяздаса хадув, Украиналда унеб бугеб спецоперациялде Запорожский областалъул Гуляйполе шагьаралде витIана. 30-леб декабралъ поселок Дорожнянка бахъиялъул приказ щун, байбихьарал рагъулал ишазда кIиябго бохдузда ва гъажалда щварал ругъназ больницаялде щвелалде МухIамад къадаралде щун вуго.

Вукъана МухIамад 4-леб январалъ гIагараб ЗанатIа росулъ.

МухIамад МухIамадовасул вац, Каспийск шагьаралда бугеб «Скорпион-Каспий» ОМОНалъул инженер-сапер, полициялъул капитан Шамил МухIамадовги ккола Украиналда спецоперациялъул гIахьалчилъун.

Гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго МухIамадил эбел-инсуда, яцал-вацазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

ГIумруялъул завалалда нилъедаса ратIалъулел ругел гIолилал хутIила кидаго нилъер рекIелъ бахIарзаллъун. Хваразе Алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе бихьараб хIехьезе сабру кьеги Аллагьас.

**Райадминистрация ва редакция**

■ ГАРА-ЧIВАРИ

МухIамад ХIАСАНОВ:

# «МагIарухъ гIумру-яшав лъикIлъи буго дир мурад»



Бакълухъ футболалъул майдан

**- МухIамад Ибрагьимович, 2022 соналъул хIасилал гьарулаго, районалъул аслияб церетIеязул бицине бокьун буго жакъа. Профессионалияв экономист хIисабалда дуца кинаб къимат кьолеб экономикиябгун социалияб рахъалъ районалда бугеб ахIвал-хIалалъе?**

- Экономистазул мацIалда районалъул магIишатияб ва социалияб рахъалъул цебетIеялъул роценлъун тарихал кола. Районалъул лъагIалил бюджеталъул аслу буго батIибатIиял налогазул къадар. Щуго соналъ цебе районалъул бюджет 60 млн букIараб батани, 2022 соналъе райсобраниялъ къабул гьабураб бюджеталда доходалъул къадар бихьизабун букIана 95 млн 581 азарго гъурущ. ЛъагIалил ахиралда гьеб план тIубана 108,9 проценталъ, ай райбюджеталде бачIун буго 8,467 млн цIикIкIун гъурущ.

Гьеб буго налогазул гIаммаб къадар. Гьелда гьоркьоса планалъул тIубай гьечIо гIадамасул буголъиялдаса бакIарулеб налог: минакъаялъул ва жал бетIергьанал ракьазул. Гьезул тIубай 80,8 ва 97,08 процент гурони гьечIо.

ГIадатияв инсанасе цебетIеялъул роценлъун буго районцоязул яшавалъе санагIалъаби гIуцIиялъе гьарурал тадбирал.

**- Гьедин бугони, магIарухълъи цебетIеялъе, халкъалъул яшав, росдал магIишат лъикIлъиялъе кинал хIалтIаби гьарурал 2022 соналда жанир?**

- Анкьго чIахIияб объекталда хIалтIаби рагIалде рахъана араб соналъ. Гьезда гъорлъ руго Гьоор-КъахIиб мухъалда 6 км манзилалъ хьил тIун цIигьабун нух къачIай. Нилъер районалда гуребги тIолго магIарухълъиялда букIинчIо ахирал саназ гьединаб кIудияб объект. ТIоцебе районалъул нухмалъуде дун вачIараб мехалъго, дица къалмиде росарал масъалабазул цояблъун букIана гьеб. КIиго устар жанив вахъараб, бищун гIемер гIадамал зияраталъ унеб росулъе ва туристазул маршрутазул цIикIкIунисеб къадар хьвадулеб нух къучIаб хIалалда къачIазе кIвей кIудияб цебетIейлъун рикIкIуна дица. Гьединго чIахIиял хIалтIабазулъ рехсезе бегьула Ракьуб-Дагъбаш росабалъе нухда хьил тIей, Бакълъухъ, Микьигьориб, ГIасаб, Ругъелда росабалъ бетон тIун нухал къачIай, ТIелекь мажгиталда аскIоб годекIан къачIай. ГIурада росулъ цIигьабуна клуб, басрияб росулъе къачIалел руго нухал, Гьандихъ росулъе газ бачиналъе хIалтIаби унел руго. Футболалъул майданал рана Бакълъухъ, ГIасаб, Гьандихъ, Зивуриб росабалъ.

Кинабниги дандекъан федералияб, республикаялъулал, муниципалияб программабазда рекъон кIудиябгьитIинаб 74 объекталда хIалтIаби гьаруна араб соналъ.

Росдал магIишаталъулги лъикIал хIасилал рукIана 2022 соналъ. РагIалде рахъарал цIиял ва цIикIкIарал ишазулъ рехсезе бегьула хехго гIезарулел ахазул программаялда нилъер районцоязе 45 грант щвей.



Басрияб ГIураде нух



Гьандихъ пищеблок



Гьандихъ футболалъул майдан рагьулеб тадбир



Гьоориб школа рагьулеб тадбиралда районалъул бетIер М.ХIасанов ва ДРялъул тIабигIиял ресурсазул министр И. Ибрагьимов.



Гьоор-КъахIиб нухда асфальт тIолел хIалтIаби



Зивуриб майданалда гIолохъанал спортсменазул разминка

**- Дуца нухмалъи гьабизе байбихьаралдаса бищун цIикIкIараб бербалагьи лъайкьеялъул бутIаялдехун бугин абизе бегьула. Араб соналда жаниб кинаб хIалтIи гьабураб лъайкьеялъул идарабазда шартIал лъикIлъизариялъе?**

- 2022 соналъ анкьго школалда федералияб программаялда рекъон ремонтал гьаруна. Гьооріб гьоркьохъеб школалда къачIана кIиябго корпусги спортзалги. ХIотода цIигьабуна спортзал. МачIада гьоркьохъеб школалда капиталияб ремонталъулал хIалтIабигун цадахъ халгьабиялъул камераби ва цIадул балагьалдаса цIуниялъе сигнализация лъуна.

Гьединго, гьеб программаялъ гъорлъе рачана ХьонохЪ, ХIорода, ГеницIороб ва Лъезда байбихьул школал. Дагьал цIалдохъаби ругел гIисинал школал гьел ругин абун течIого, кIудияб кIвар кьун цIигьаруна гьел араб соналъ. Анкьабго школалда ремонталъулал хIалтIабазе гIаммгьабун биччан букIана 32 млн. гъурущ.

2022 соналъ Гьандихъ школалда бана киналго санагIалъаби ругеб кваналеб рукъ. Гьеб буго анкьабилеб кванил рукъ районалъул сурсатазул кумекалдалъун бараб.

РагIалде щолеб буго ХIебда школалъул гьитIинаб корпусалда гьабулеб капиталияб ремонталъул хIалтIи.

Районалъул бюджеталдаса гIарацги кьун къачIана 7 школа, 3 ясли-ах, 1 спортшкола.

**- МугIрузул районазда нухал къачIаялъе ва цIигьариялъе гьарулел хIалтIаби гIемер руго. Кинаб къимат дуца кьелеб нухазда гьарурал хIалтIабазе? Аслиял хIалтIабазул къокъабго баян щвезе бокьилаан.**

- БитIараб буго. Цониги районалъе букIинчIо республикаялдасан нилъее биччараб гIанисеб гIарац нухал

къачIазе. Гьоор-КъахIиб мухъалда нухалъе Минтрансалъул рахъалдаса биччан букIана 139млн.гъурущ. Районалъул цоги кIудияб росу -ТIелекье бугеб 12 км халалъиялъул нухда хIалтIаби байбихьана 2022 соналъ ва лъугIизе ккола 2023 соналъул ахиралде. Гьелъие республикаялъул бюджеталдаса биччан буго 20млн. гъурущ, Бакълъухъ мухъалда ругел хIалтIабазе биччан буго 34 млн. гъурущ. ГIурада- ГьентIа росабазда гьоркьоб, Габдану авалалдаса Басрияб ГIурадехун ругел нухал 1,5км. манзилалда къачIалел руго. Гьел хIалтIабазе ДРялъул Минтрансалъул бюджеталдаса бихьизабун буго 22 млн.гъурущ.

Дагъистаналъул Минтрансалъул бюджеталдаса 11 км манзилалда къачIана Гьандихъ росулъе нухал. Гьел хIалтIабазе республикаялъул бюджеталдасан биччан букIана 35 млн. гъурущ.

Гьединго, ГIасаб, Бакълъухъ, Ругъелда ва Микьигъориб росаби руго «Дир Дагъистан-дир нухал» абураб проекталда гIахьаллъулел. Ункъабго росдал объектазе гIаммаб къадаралда республикаялъул бюджеталдасан биччан буго 14 млн. гIанасеб гъурущ. ГIасаб, Бакълъухъ, Ругъелда росабазе тIадеги райбюджеталдасаги биччан буго 650 азарго гъурущ.

Разе байбихьана КъахIиб-Гьоор росабалъе ва Дагъбаш росулъе цIиял кьоял. Гьелъ, 2022 соналъ районалъул росабалъе нухазда гьарурал хIалтIаби цIакъ гIемерал ккана. Жеги гьабизе хIажаталъулги къадар цIикIкIараб буго. Дагь-дагьккун магIарухъ нухал цIиял стандартазда рекъонккарал, санагIаталъун рукIине хьулги мурадги буго дир.

**- Сахлъи цIуниялъул рахъалъ росабалъ цIигьарулел руго ФАПал ва участковиял больницаби. Дур бербалагьиялда гьоркь кинал хIалтIаби рагIалде рахъинаризе кIварал? Кинал масъалаби жеги цере ругел?**

- ЦIакъ квешаб хIал батана росабалъ ругел медициналъул идарабазда. Цебесеб соналъ Ракьуб эхетана данд балеб (модульный) ФАП. 2022 соналъ ЗанатIаги гьединабго ФАП баялъе хIалтIаби гьаруна. ГIагараб заманалда рагьизе буго гьеб.

Гьединго, цIакъ чIунтараб ФАП буго Гьоор-Хьиндахъги. Гьениб фундамент тIун буго, гьаб соналде гьенибги цIияб мина эхетизе ракIалда буго. ЦРБялъул хIалтIи гIицIго ДРялъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялъул нухмалъиялда гьоркь буго. Гьелда бан райбюджеталдаса сахлъи цIуниялъул идарабазе бихьизабураб гIарац букIунаро. Райадминистрациялъул бербалагьиялда гьоркь ругониги, цIикIкIунисеб жавабчилъи сахлъи цIуниялъул идарабазул нухмалъулезда буго. Гьезул жигарчилъиялда бараб буго сахлъи цIуниялъул идарабазда шартIал чIезари.

**- ГIемерисел объектал цIигьаризе кIудияб кумек щола республикаялъул ва федералиял программабазда гIахьаллъиялъ. Кинал квалквалал дандчIвалел ругел проектал рагIалде рахъинариялъулъ?**

- Нилъер районалда рагIалде бахъинабулеб буго 30-ялдаса цIикIкIун федералияб ва регионалияб программа. Гьал цере рехсарал хIалтIаби ккола гьел проектазда гIахьаллъиялъ гIумруялде рахъинаризе кIварал. Проектал гIемерал ва лъикIал руго. Амма подрядчиказул жавабчилъи гьечIолъиялъ, кколел руго болжал хвезарурал, тIалабалда рекъон гьечIого хашго хIалтIаби тIуразари.

Подрядчикал тIаса рищиялъул суал тIубазабула республикаялъул закупкабазул комитеталъ. Торгазда бергьарал гурони проектазда хIалтIизе риччаларо. Гьеб рахъалъ ракIбацIцIалъи бугел подрядчиказул къадар дагьаб гурони гьечIо, ругезги жидеего бигьаяб бакIазда хIалтIаби тIаде росун чIолел руго.

**- Ахирал саназ туристазул цIакъ кIудияб гьира балел маршрутазда гьорлъ буго нилъер районги. Туристическиял объектазда хIинкъи гьечIолъи чIезабиялъе ва шартIал лъикIлъизариялъе кинал хIалтIаби гьарулел ругел нилъер районалда?**

- Туризм цебетIеялъе тIоцебесеб иргаялда чIезабизе ккола хIухьбахъиялъе хIинкъи гьечIолъи ва санагIалъаби. Гьеб хIисабалде босун, Гьоор ва КъахIиб некIсияб сиял ва росаби ругеб бакIалда лъуна хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул гIаламатал, хIажатханаби, гьабуна вертолет рещтIине бегьулеб площадка ва туристазул автотранспорт чIезе бакI. Туристическиял объектазе райбюджеталдаса гIарац биччазе бегьунгутIи буго, гьелъ цо гIисинал хIалтIаби гьаризе гурони рес букIунаро райадминистрациялъ. Амма кIвар кьолеб буго республикаялъул нухмалъулезул бербалагьи гьел бакIазде буссинабизе. Нилъер районалда аслиял тарихиял бакIал къачIаялъе, Гьоориб ва КъахIиб биччан букIана 8 млн гIанисеб гIарац. ЛъагIалил ахиралде рагIалде рахъана гьенир канлъи бачун, туристазе шартIал лъикIлъизариялъул хIалтIаби.

**- Туризм цебетIеялъ нилъер районалъул экономикаялъе кинаб хайир бугеб? Гьелда сверухъ щиб хIалтIи гьабулеб бугеб?**

- Киналго церетIурал улкабазда туризмалдаса экономикаялъе щола гIезегIан къадаралда хайир. Гьелъие шартIлъун ккола гIадамазул жавабчилъи ва ракIбацIцIалъи. Ай, туризмалда хурхун бетIербахъи гьабулел гIадамал рукIине ккола налогазул учеталда. Нилъер районалда гуребги, тIолго республикаялда гьеб суал хашго буго. Гьалбадерил рукъзазул бетIергьаби, богогьанлъиялъул рахъалъ ругел, ракIалдещвеялъул сувенирал ричун, чуяздалъун ва такси хIисабалда транспорт хIалтIизабиялда хурхун бетIербахъи гьабулел- киналго гуро налогалъул учеталда ругел. Туризмалдаса хайир гIицIго гьел гIадамазе буго. Гьелда бан туризмалъул объектал къачIаялъе райбюджеталдаса сурсатал рихьизаризе рес букIунаро. Бугониги нижеца ресал ралагьулел руго.

**- Халкъалъе хIукуматалъул рахъалдаса щолеб социалияб кумекалъул нилъер районцоязе кинал бигьалъаби щварал 2022 соналда жанир?**

- Араб 2022 соналъ республикаялъул квотаялда рекъон, бесдалал ва эбел-инсул тIалаб гьечIого хутIарал лъималазе кьезе бихьизабун букIана 6 минаялъулаб сертификат. ЛъагIалил ахиралде жеги 2 сертификатги бачIана. Гьединго, инвалидазе минаби росизе ва рукIа-рахъиналъул шартIал лъикIлъизариялъе кьолел сертификатазул хасаб очередалдаги гIемерав чи вуго нилъер. 2022 соналъ анцIго чиясе щвана гьединаб сертификат.

**- Гьаб соналъе цере лъурал аслиял масъалаби кинал ругел?**

- ТIоцебесеб иргаялда райцентралъул жамагIаталъе цIакъ хIажатаб проект, районалда гьаруралщинал хIалтIабазда гьоркьоб бищун кIудияблъун рехсезе бегьулеб хIалтIи буго ХIебде цIияб лъим бачиналъул проект. Исана гьеб рагIалде бахъинабизе буго дир аслияб мурад. Цоги райцентралъе кIвар бугеб суал- хабзал гьечIолъи. Лъел хIавуз бугеб бакIалда росдал тIараде машиналъе нух бахъун буго, гьениб гIатIилъи гьабизе ракIалда буго. Хадубккун хабзал гьаруниги, гIолилазе футболалъе площадка гьабуниги букIине.

Гьолокь нух тIун араб бакIалдаги чIахIиял хIалтIаби гьаризе гьаб соналде хIисабалде росун руго. 200 млн гIанасеб гIарац биччан буго гьениб дамбаги бан, нух щула гьабизе. КъахIибе цIияб кьо базеги 612 млн гъурущ буго бихьизабун гьаб соналъе Дагъавтодоралъ. Жеги цо чанго росулъе нухалги, школалгун цогидал социалиял объекталги къачIай республикаялъул миллияв проектазда гIахьаллъи гьабун, гьаб соналъ тIубазабизе ният буго.

Нухалги къачIани, росдал магIишат ва предпринимательство цебетIеялъе шартIалги чIезаруни, магIарухъ гIумру-яшав цIилъила, росабиги чIунтиларо.

**Давуд ДАВУДОВ**


Ракьубе цIигьабураб нух ва кьо



Гьоориб туристазе цIуна-къаялъе алатал


ХIебде лъим бачунел хIалтIаби


Ругъелда росулъ къачIарал нухал


ХIорода НОШ


Гьолокь пищеблок

■ ЦЕНТРАЛЬНАЯ БИБЛИОТЕКА ИНФОРМИРУЕТ

## Новые книги поступившие в Центральную библиотеку IV-кв. 2022 года

**Детская литература**

1. Все лучшие сказки для мальчиков.
2. Золотая книга сказок в рисунках В. Сутеева.
3. Сказки Шалея Перро.
4. Черепашонок Тим и его большая мечта.
5. Лучшие сказки по слогам «капелька».
6. А.С.Пушкин «Сказки».
7. Герман Ася, Петрова Светлана Зайчик Сева идет к врачу! Полезные сказки.
8. Читаем по слогам «сказки для детей».
9. С.Г. Козлов «Читаем по слогам» «ежик и медвежонок».
10. К. Ушинский «Детям».
11. В.Бианки «Рассказы о животных» читаем по слогам.
12. Г.Циферов «Добрые сказки».
13. А.Пушкин «Сказки для малышей».
14. К.Чуковский «Доктор Айболит».
15. Большая хрестоматия для школы 1-4 классы.
16. В. Бианки «Все-все-все сказки про животных».
17. Все-все-все для самостоятельного чтения.
18. Вестли А.К «Щепкин и коварные девчонки».
19. Внеклассные чтение «Питер Пэн и Венди».
20. Детское чтение «Королевство кривых зеркал».

**Энциклопедии**

1. Современный школьный Англо-русский словарь.
2.Школьный орфографический словарь для успешной сдачи ОТЭ и ЕБЭ. 35000 слов и словоформ.
3. Современный орфографический словарь русского языка 145000 слов и словоформ для успешной сдачи ОГЭ и ЕГЭ.
4. Большой словарь синонимов и антонимов русского языка 100000 слов и словосочетаний.
5.В.К.Мюллер

**Англо-русский словарь**
**Русско-английский словарь**
380000 слов и словосочетаний с двусторонней транскрипцией.
6. Большой словарь иностранных слов. Современная лексика А-Я.
7. Лидия Мудрагель. Шитье от А до Я полное практическое руководство.
8. С.И. Ожегов. Толковый словарь русского языка 100000 слов, терминов и выражений.

**Библиограф МКУК МЦБ Буйбулаева З.Г.**

■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

## Оперативно-профилактическая операция «Оружие – выкуп»

В республике МВД Дагестана проводит оперативно-профилактическую операцию "Оружие – выкуп". Это операция по добровольной сдаче гражданами незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ, за которую они получают определенную сумму. Мероприятие проводится в соответствии с постановлением Правительства Республики Дагестан от 24 апреля 2014 года № 184 «О мерах по организации добровольной сдачи гражданами незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ»

В рамках операции за неполные 4 года (2019–2021) и 9 месяцев 2022 года гражданами было добровольно сдано 1026 единиц огнестрельного оружия, более 103 тысяч патронов разного калибра, 194 гранаты, 254 выстрела к гранатомету, 6 снарядов, 4 мины, более 33 кг взрывчатых веществ.

«Анализ проведенной работы показывает, что основная масса добровольно выданного оружия жителями Республики Дагестан осталась у них с момента завершения боевых действий 1999–2000 годов, которое было получено в целях самообороны во время участия в народном ополчении и до момента добровольной выдачи хранилось по месту жительства.

Жители Дагестана, принимавшие непосредственное участие в народном ополчении во время вторжения боевиков, сейчас незаконно хранят огнестрельное оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества и взрывные устройства по месту жительства, а также в иных помещениях и участках местности», – отметили в республиканском МВД.

Согласно действующим правилам, для того чтобы сдать оружие, гражданину необходимо обратиться в дежурную часть территориального органа внутренних дел. Сразу после сдачи сотрудники ОВД выдадут справку о том, какое именно оружие было сдано, и постановление об освобождении от уголовной ответственности за его хранение. Затем полицейские проверят, использовалось ли это оружие при совершении преступлений. Если все чисто и оружие не проходит по картотеке учетов, гражданину выплатят положенные ему деньги согласно расценкам, утвержденным региональными властями.

Граждане обязаны сдавать незаконно хранящееся оружие в целях собственной же безопасности, напоминают правоохранители. В Дагестане зарегистрировано несколько случаев, когда в результате неосторожного обращения с оружием или боеприпасами были жертвы со стороны гражданских лиц.

Приводим ниже расценки (в рублях) за добровольно сданное оружие и боеприпасы:

1. Пистолет (в том числе автоматический пистолет Стечкина, револьвер) – 55 000
2. Автомат – 80 000
3. Пулемет Калашникова и его модификации – 85 000
4. Ручной пулемет – 75 000
5. Пистолет-пулемет – 50 000
6. Автоматический гранатомет станковый – 25 000
7. Подствольный гранатомет – 20 000
8. Ручной противотанковый гранатомет – 20 000
9. Одноразовый гранатомет – 15 000
10. Малогабаритный реактивный огнемет – 25 000
11. Снайперская винтовка – 60 000
12. Охотничий карабин, винтовка с нарезным стволом – 15 000
13. Охотничье гладкоствольное ружье – 3000
14. Газовые пистолеты и револьверы – 2000
15. Пистолеты, пистолеты-пулеметы и револьверы кустарного производства – 10 000
16. Самодельное стреляющее устройство, ружье кустарного производства – 1000
17. Травматические пистолеты и револьверы – 3000
18. Газовые, травматические пистолеты и револьверы, переделанные для стрельбы боевыми патронами – 20 000
19. Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и др. промышленного изготовления)
– 8 за 1 грамм
20. Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) – 3000
21. Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель – 300 за 1 шт.
22. Штатный боеприпас (выстрелы, снаряды к артиллерийскому вооружению) – 3000
23. Выстрел к РПГ – 3000
24. Выстрел к подствольным и станковым гранатометам – 2000
25. Ручная граната – 2500
26. Мина – 2000
27. Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию до 12,7 калибра – 15
28. Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию 12,7 калибра и более – 150
29. Запалы к гранатам – 1000.

## Будьте осторожны при эксплуатации газового оборудования

Уважаемые жители Шамильского района!

С наступлением зимних холодов участились случаи чрезвычайных происшествий, связанные с нарушением мер безопасности при эксплуатации газового оборудования, в том числе с человеческими жертвами и пострадавшими в результате взрывов газо-воздушной смеси.

Причинами данных происшествий становятся как нарушения правил эксплуатации газового оборудования гражданами, так и техническая изношенность или не исправность самого газового оборудования, отсутствие должного контроля со стороны соответствующих контролирующих и надзорных органов, домоуправлений.

Мониторинг ситуации в данной сфере показывает, что она осложняется с наступлением осенне-зимнего периода и началом массовой эксплуатации гражданами в жилых домовладениях, различного рода несертифицированных отопительных котлов, газовых колонок, обогревателей и плит.

В связи с вышеизложенным просим Вас соблюдать меры безопасности, недопущении использования несертифицированных и самодельных обогревательных приборов, газовых колонок, неисправных обогревательных приборов, электропроводки.

**ОМВД России по Шамильскому району**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

## О предоставлении (реализации) земельного участка для сельскохозяйственного производства

Администрация МО «с/с Тогохский» Шамильского района Республики Дагестан сообщает о предоставлении (реализации) земельного участка для сельскохозяйственного производства 14 февраля 2023 года на заключение договора аренды земельных участков с кадастровыми номерами 05:33:000053:409 общей площадью 100 000 +/- 3125 кв.м, 05:33:000053:410 общей площадью 100 000 +/- 3125 кв.м. из категории земель сельскохозяйственного назначения, с разрешенным видом использования: для сельскохозяйственного производства (фермерского) хозяйства, расположенный по адресу: 368445, Республика Дагестан, р-н Шамильский, с Митлиуриб, в местности " Гъоркьабакъда ".

Форма подачи предложений о размере арендной платы: закрытая. Заявления об участии в конкурсе принимаются до 6 февраля 2023 года по адресу: 368410, Республика Дагестан, р-н Шамильский, с Тогох, ул. Имама Шамиля № 2А

**Глава МО «с/с Тогохский» Магомедов М.З.**


**ЦОЛЪИ**

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
**МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна**
**тел: 2-22-09**
**код: 887259**

**ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ**
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

**КОРРЕСПОНДЕНТАЛ**
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

**РЕДКОЛЛЕГИЯ:**
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

**НАБОР**
М. ГьитIиномухIамадовалъул

**ДИЗАЙН - ВЕРСТКА**
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "Щияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал-ги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50